**UDK: 632.9:632.934:633.1:8.**

# MAYLI EGINLER HÁM SALINIŃ ZIYANKESLERI RAWAJLANIW BIOEKOLOGIYASINDAǴI ÓZGESHELIK TAMANLARIN ANIQLAW

**Tóreniyazov Elmurat Sherniyazovich,**
a.x.i. doktorı, professor

**Reymov Axmet Tólegenovich,**
erkin izleniwshi

**Sultanbaeva Fatima Árepbay qızı**
*Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar* institute assistent
elmurat1960@mail.uz

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17537644

***Annotaciya:*** *Maqalada Qaraqalpaqstan agrobiocenozı sharayatında egilip atırǵan maylı eginler hám salı sortlarında payda bolıp zıyan keltiretuǵın zıyankeslerdiń túrlerin, bioekologiyalıq rawajlanıw jaǵdayların anıqlawga arnap alıp barılıp atırgan ilimiy jumıslar kiritilgen. Alınǵan nátiyjelerinde maylı eginler menen salı ósimligi biocenozında ushırasatugın zıyankeslerdiń ayırmashılıq tamanları, rawajlanıw bioekologiyasındaǵı uqsaslıqlar belgilep alnıp, qarsı gúres ilajların alıp barıw usılları ilimiy jaqdan dálillep berilgen.*
***Gilt sózler:*** *Dánli eginler, dánli-sobıqlılar, soya, gúnji, zıyankesler, kemiriwshi, sorıwshı, qarsı gúres.*

***Abstract:*** *This article presents scientific research conducted to identify the types of pests that appear and cause damage in oilseed and rice varieties grown under the agrobiocenosis conditions of Karakalpakstan, as well as their bioecological development patterns. The results highlight the differences among pests occurring in the biocenosis of oil crops and rice, their bioecological development similarities, and scientifically justify methods for pest control.*
***Keywords:*** *Cereal crops, legumes, soybean, sesame, pests, chewing insects, sucking insects, pest control.*

**Kirisiw:** Qaraqalpaqstan aymaǵı agrobiocenozında maylı eginlerden gúnji, ayǵabaǵar dáslepki diyxanshılıq dáwirinen, soya sońǵı jılları, salınıń sortları keyingi 50 jıl dawamında egilip kiyatırǵan egin túri esaplanadı. Usınday tarixqa iye bolǵan eginlerdiń búgingi kúnge kelip zıyanlı biologiyalıq faktorlarınan esaplanǵan zıyankeslerine qarsı gúres ilajları tolıq islep shıǵılmaǵanlıǵı málim boldı. Sebebi, sońǵı jılları kóplegen atızlarda ósimliklerdiń qáwipli zıyankesleri payda bolıp hasıldıń tiykarǵı muǵdarı hám sapasına keri tásirlerin tiygizip kiyatırǵanlıǵı anıqlanǵan. Búgingi kúndegi baslı talap, kórsetilgen egin túrleriniń egislik maydanların keńeytiriw, alınatuǵın may zatı muǵdarın hasıldı asırıw esabınan kóbeytip, xalıqtı bahalı may ónimleri menen támiyin etiw bolıp tabıladı. Usınday bir payıtta egin atızlarında kóplegen zıyankesler túrleri payda bolıp, óndirilip atırǵan ónimniń muǵdarı hám sapasına unamsız tásirlerin tiygizbekde.

Bunday mashqalalardı unamlı sheshiwdiń tiykargı jolı, kórsetilgen ósimlik sortları egilip atırǵan atızlarındaǵı tarqalǵan zıyankesleriniń túrlerin tuwrı anıqlap qarsı gúres ilajların ilimiy tiykarda alıp barıw búgingi kúndegi eń aktual másele bolıp turıptı.

**Material hám usıllar:** Kórsetilgen eginler túrlerinde ushırasatuǵın zıyankes hám olardıń entomofagları túrlerin anıqlaw (Adeshkevich, 1983), keltiretuǵın zıyanlılıq dárejesi (Tanskiy,1988), zıyan keltiriwi boyınsha dominant túrlerine qarsı gúres (Kimsanbaev,2020; Xwdjaev, 2020) ilajları alıp barılıp, tájiriybelerdi qoyıw, maǵlıwmatlardı statistik analizler qılıw (Dospexov, 1986) usılları járdeminde orınlanıp kelmekde.

**Nátiyje hám onı talqılaw:** Awıl xojalıq eginleri túrlerine baylanıslı payda bolatuǵın zıyankeslerine qarsı alıp barılatuǵın gúres ilajlarınıń paydalılıq tamanlarınıń támiynleniwi ósimlik-zıyankes arasındaǵı azıqlanıw shınjırına tuwrı baha beriw, usharasatuǵın zıyankesleriniń bioekologiyalıq rawajlanıw ayırmashılıǵındaǵı ózine tán ózgesheliklerin esapqa alıp ilajlardı shólkemlestiriw boyınsha izimiy-izertlew jumısları alıp barılmaqda.

Nátiyjede, aymaǵımızda egilip atırǵan maylı eginler hám salı sortları arasındaǵı biocenozdıń bir-birinen keskin ajıralıp turatuǵın ayırmashılıqlarına beyimlesken zıyankesler atızlarda payda bolıp, zıyan keltiretuǵınlıǵı esapka alındı.

Alıp barılıp atırǵan izertlewlerimiz nátiyjesinde, aymaǵımız sharayatında, insan azıǵı ushın may alınatuǵın egin túrlerinen ayǵabaǵar (Helianthus annuus L.), gúnji (Sesamum indicum L.), soya (Glycine hispida (Mnch) Max.) hám maqsar (Catrhamus tinetorius L.) ósimlikleri tuqımı jerge túsip, hasıl jıynap alaman degenshe beyimlesgen zıyankelerden ayǵabaǵar gúbelegi (Homoeosoma nebulella Hb.), temeki tripsi (Thrips tabaci Land.), uzın quyrıqlı shekshek (Tettidonia saundata Charp.), gúnji zlatkası (Actaeodera ballioni Gangl.), saflor shırınjası (Macrosiphum Jaceae L.), maqsar shırınjası (Macrosiphum jaceae L.), maqsar tamır shırınjası (Brachyunguis anuraphoides Nev.), maqsar tamır pilshesi (Mesogroicus petraeus Faust.), úlken maqsar pilshesi (Larinus syriacus Gyll.), kishi maqsar pilshesi (Bangasternus orientalis Cap.), maqsar shubar qanatı (Chaetorellia carthami Stack.), maqsar shıbını (Asanthiophilus helianthi Rossi.) túrleri ushırasıp, ayırımları tómendegileri ayırıqsha qáwipli esaplanadı.

Ótken úsh jıl dawamında alıp barılǵan baqlawlarımız dawamında ayǵabaǵar gúbelegi egilip atırǵan ayǵabaǵar ósimliginiń 23,5-67,9 % ósimligindegi ortasha 100 ósimlikte 3,4-51,6 dana, gúnji atızlarınıń 5,4-33,6 %, 2,6-14,8 dana, hám shırınjalardıń kóplegen túrleri atızdaǵı ósimliklerdiń 58,7-81,4 % ne deyin

kóbeyip, ayırım topar bolıp jasaytuǵınları japıraqlarınıń payda bolıwına tarqalıp, tez tiri tuwıwı nátiyjesinde úlken zıyan keltiretuǵınlıǵı esapqa alındı.

Respublikamız sharayatında egilip kiyatırǵan salı (Oryza sativa L.) sortlarınıń tuqımı egiliwden baslap tolıq pisgenge deyin suwda ósip-rawajlanıw fazalarına beyimlesken zıyankeslerden qalqan tárizli shayan (Apus cancriformis Schaff.), leptesteriya qalqan tárizli shayanı (Leptestheria danalacensisa.), salı shigirtkesi (Oxya fusovittata.), salı suw pilshesi (Hydronomus sinuaticollis Faust.), salı shıbını (Cricotopus silvestris.), qırǵaq shıbını (Ephydra macellaria Egg.), arpa shıbını (minyor) (Hiderllia griseola) túrleri atızlarda payda bolıp, vegetativ, generativ deneshelerindegi azıqlardı qabıl qılıp ósimliktiń ósip-rawajlanıwına, hasıldarlıǵına keri tásir etetuǵınlıǵı anıqlandı. Salı zıyankeslerinen qalqan tárizli shayan, leptesteriya qalqan tárizli shayanı kórip shıǵılǵan atızlardıń 11,5-34,7 % ushırasıp, áwlatlarınıń sanı atızdıń 1 $m^2$ 2,4-5,1 danaǵa deyin, salı shigirtkesi 1,3- 15,2 % tiń 100 ósimliginde 16,3-42,8 dana, salı suw pilshesi 0,4-11,3 %, 1,1-8,6 dana, salı shıbını hám qırǵaq shıbını 6,3- 21,5 %, 2,7-18,7 danası tarqalıp zıyan keltirip atırǵanlıǵı esapqa alındı.

**Juwmaq hám usınıs:** Maylı eginler hám salı atızlarında tarqalǵan zıyankeslerdiń tiykarǵı áwlatlarına qarsı ximiyalıq preparatlar járjeminde gúres alıp barılatuǵınlıǵı esapqa alındı. Izertlewlerimizde zıyankesler túrleri payda bolıwdan baslap, vegetaciya dáwiri aqırına deyin olardıń sanın tuwrı basqarıw maqsetinde biologiyalıq usıldan nátiyjeli paydalanılıp gúres ilajların alıp barıw kerek ekenligi anıqlandı. Bul ushın ekgin túrleri biocenozınıń tiykarǵı elementleri esavplanǵan entomoakarifaglar túrleriniń kóbeyiwine qolaylı imkaniyat jaratıw kerek boladı. Erte báhárden baslap zıyankesler sanı anıqlanıp biolaboratoriyada kóbeytirilip atırǵan altınkóz entomofagin, tarqalǵan zıyankesler sanına baylanıslı gektarına 500-2000 danaǵa deyin tarqatılǵanda, ilajdıń biologiyalıq paydalılıǵı 20-30 kún dawamında 67,8-81,3 % ge jetip, entomofagdıń tábiyǵıy sharayatdaǵı populyaciyası vegetaciya dáwiri aqırına deyin kóbeyip barıp, kórsetilgen zıyankesler sanın tuwrı basqarıw imkaniyatı bolatuǵın ilajlardı óndiriske endiriw ushın usınıslar berildi.

**Paydalanılǵan metodik kórsetpeler**

1. Adashkeevich B.P. Biologicheskaya zashita krestocvetnıx ovoshnıx kul`tur ot vrednıx nasekomıx.-Tashkent «FAN»,1983. -188 s.
2. Dospexov B.D. Metodika polevogo opıta (4-oe izd.). –Moskva: «Kolos», 1986. –S. 25-340.
3. Kimsanboev X.X. Biolaboratoriyalarda entomofaglarni ko'paytirish. –Toshkent: «O'qituvchi», 2000. –B. 3-32.
4. Tanskiy V.I. Biologicheskie osnovı vredonosnoeti nasekomıx-M: «Agropromizdat».-1988-S 89-150
5. Xo'jaev Sh.T. Qishloq xwjaligida pesticidlarni ishlatish hamda tadqiqot wtkazish usul va shartlari. –Toshkent: «Zilol buloq» , 2020. –152 b.